



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

“Amazon te chwazi vin New York paske nou se kapital mond lan epi se pi bon kote pou moun fè biznis. Nou te patisipe epi nou te ranpòte konpetisyon devlopman ekonomik ki pi konteste nan Etazini an, sa ki t ap lakoz omwen 25,000-40,000 djòb ki byen peye nan eta nou an ak prèske 30 milya dola nan nouvo revni pou finanse amelyorasyon k ap fèt nan sektè transpò komen yo, nouvo lojman, nan lekòl yo ak anpil lòt amelyorasyon nan kalite lavi ankò. Arive Amazon nan New York t ap divèsifye ekonomi nou an soti kite sektè imobilye a ak Wall Street, sa ki t ap ranfòse estati nou kòm yon nouvo sant pou teknoloji epi li t ap yon viktwa ekonomik ekstraòdinè non sèlman pou Queens ak Vil New York, men tou pou tout rejyon an nèt, soti Long Island rive nan sant nanoteknoloji Albany an.

Toutfwa, yon ti gwoup politisyen mete pwòp enterè potitik etwat yo kòm priyorite avan kominote yo a - yon kominote kote yo te fè sondaj ki te montre ke gen soutyen masif pou pote Amazon vin Vil Long Island - an favè avni ekonomik eta a ak nan pi meyè enterè moun ki nan eta sa a yo. Sena Eta New York la te vrèman lakoz anpil domaj. Yo dwe rann kont paske yo fè nou pèdi opòtinite ekonomik sa a.

Se te fondamantal klima biznis ak kominote New York la ki te atire Amazon vin isit la - basen talan nou an, sistèm edikasyon klas mondyal nou an, angajman nou pran anvè divèsite ak espri pwogresivis nou an- toujou rete epi nou pap dekouraje paske n ap kontinye atire biznis ki gen kalib mondyal yo vin nan kominote toupatou atravè Eta New York la”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib yo sou sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)